

Tariro Yechokwadi Nokuda Kwevadiwa Vako Vakafa (Chikamu 1)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 7 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* uye riripowo pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ona kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti kudii, wona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



KURWADZIWA KUNOITIKA PATINOFIRWA KUCHAZOMBOPERA HERE?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Nei vamwe vachiti aiwa?

Nei vamwe vachiti ehe?

Ko *iwe* unoti kudii?

Nei uchidaro?

2

TARISA UONE ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI


Hapana chakaipa nekurwadziwa kana tafirwa. (Ona chitsauko 7 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?* ndima 1-6.)

Verenga 1 VaKorinde 15:26.

Kana Mwari achiti rufu muvengi, unofunga kuti angatipa mhosva here akationa tichirwadziwa patinofirwa? Nei uchidaro?

Verenga Johani 11:33, 35; 14:9.

Jehovha naJesu vanonzwa sei pavanotiona tichirwadziwa patinenge tafirwa?



Zuva parinobuda makore anobva anyangarika. Ndizvo zvichaitikawo vanhu pavachamutswa kurwadziwa kuchabva kwanyangarika

Vanhu pavachamutswa tichafara.

(Ona chitsauko 7 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?* ndima 7-10.)

Verenga Ruka 8:40-42, 49-56; Johani 11:43, 44.

Zvii zvakaitwa naJesu zvinoratidza kuti kana munhu afa hazvibvi zvaperera ipapo?

Verenga Mako 5:42.

Vhesi iyi inoratidza kuti pachazomutswa vanhu tichanzwa sei?

Kuziva kuti hama neshamwari dzedu dzakafa dzichamutswa kunokubatsirei?

3

TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

MUMWE MUNHU AKATI...

Kurwadziwa kana wafirwa kunoratidza kuti hauna kutenda kuti vanhu vachamutswa.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI...

Vamwe vanhu ndizvo zvavanofunga. Asi ini handifungi kuti ndizvo nekuti...

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungatsanangura sei vhesi yacho kuti umubatsire?

MUMWE MUNHU AKATI...

Kana munhu akafa zvatopera.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI...

Ichokwadi kuti kana munhu akafa hapana kwaanoenda. Asi hazvirevi kuti hatizombomuoni zvakare nekuti...

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungatsanangura sei vhesi yacho kuti umubatsire?
